ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№109 (24.079) ● 2020 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэр Правительствэм и Унэм щыIущIащ УФ-м и Следственнэ комитетым КЪБР-м щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIу ягъэува генерал-майор Потапов Андрей

УФ-м и Следственнэ комитетым КЪБР-м щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIу ягъэува генерал-майор Потапов Андрей фокIадэм и 10-м Правительствэм и Унэм щыIущIащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Следственнэ комитетым кадр IэхъуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Горяйнов С. къызэхуэсахэм къаригъэцIыхуащ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIыщIэр. Абы къыхигъэщащ къыхуагъэува кьалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ Потапов Андрей Iэзагъышхуэрэ зэфIэкI инрэ зэрыбгъэдэлъыр икIи жиIащ быдэу и фIэщ зэрыхъур и унафэм щIагъэува управленэр нэхъыфIыжу зэрылэжьынур.

КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ Потапов Андрей и къулыкъущIэмкIэ икIи КЪБР-м и къэрал властым и IэнатIэхэр абы сыт хуэдэ IэхъуэкIи зыщIагъэкъуэну зэрыжъэзыр къыхихуэщащ: «Си фIэщ мэхъу Iэщ1агъэмрэ гъащIэмрэ щызэбгъэгъуэта Iэзагъыр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щыпсэухэм яфI хэлъу къызэрыбгъэпэныр», - жиIащ КIуэкIуэм.

Юстицэм и генерал-майор Потапов Андрей Евгений и къуэр Тулэ областым хыхьэ Новомосковск кьалэм 1968 гъэм къыщалъхуащ. 1987 - 1989 гъэхэм дзэм къулыкъу щIащIащ. 1994 гъэм кIуихащ ПравэмкIэ Украинэм и къэрал юридическэ академиер икIи Тулэ областым и прокуратурэм и органхэм къулыкъу щIащIэн щIидзэри, следователу, следователь нэхъыжьу, Новомосковск кьалэм и прокуроры и дэпэныкъэгъу нэхъыжьу, иужькIэ и прокуроры и къуэдзэу лэжьащ.

2005 гъэм игъэуващ Тулэ областым и щIыналъэхэм зэдай Узловскэ прокуратурэм и прокурору. 2006 гъэм и мэкъуаугъэгъуэм Шэшэн Республикэм игъэкIуащ икIи Грознэ кьалэм и Старопромысловскэ районым и прокурорым и кьалэнхэр игъэзэщIащ, республикэм и прокурорым и къуэдзэу, Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Шэшэн Республикэм щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIу щытащ. 2008 - 2019 гъэхэм и унэфэщIащ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Ивановэ областым, Тувам, Красноярскэ крайм щиIэ следственнэ управленэхэм.

2019 гъэм и щыщхьэIум щыщIэдзауэ 2020 гъэм и фокIадэ мазэм пщIондэ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Красноярскэ краймрэ Хакасие Республикэмрэ щиIэ следственнэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIу щытащ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм фокIадэм и 2-м къыдигъэкIа «Языныкъуэ федеральнэ къэрал органхэм къулыкъум щытегъэкIынымрэ щыгъэувынымрэ я IэхъукIэ» Указ №541-м ипкъ иткIэ Потапов Андрей Евгений и къуэр ягъэуващ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIу.

Щапхъэу къагъэлъагъуэу и кулыкъур зэрырихьэкIам, Iэзагъ ин зэрыбгъэдэлъым, хабзэр гъэззэщIэныр кьызэгъэпэщыныmкIэ кьалэнхэр щигъэзащIэм къигъэлъэгъуа лыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ медалэр, «Урысей Федерацэм и прокуратурэм пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ», «Дагъуэншэу и кулыкъур зэрырихьэкIам папщIэ» дамыгъэхэр.

Унагъущ, и къуэхэр егъаСэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КIуэкIуэ Казбек цригъэкIуэкIащ Хабзэр къызэгъэпэщыныmкIэ сыт щыгъуи лажьэ зэщIэзыгъэуIуэ гупымрэ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ зэхэт

Хабзэр къызэгъэпэщыныmкIэ сыт щыгъуи лажьэ зэщIэзыгъэуIуэ гупымрэ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ зэхэт КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэм щIэту вэсэмахуэ екIуэкIащ.

АБы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т., Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А., федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэ Мэкъуауэ Т., республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и IэнатIэхэм, хабзэхъумэ Iэхъуэщ1анIэхэм я лыкIуэхэр, щыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр. Iэхъуэхэм тепсэлъыхьыным и пэ кьихуэу Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым кадр IэхъуэхмкIэ и управленэм и унафэщI Горяйнов С. къызэхуэсахэм къаригъэцIыхуащ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ следственнэ управленэм и унафэщIу ягъэува, юстицэм и генерал-майор Потапов Андрей.

ЗэIущIэм къыщыдэта Iэхъугуэхэм апкъ иткIэ тепсэлъыхьащ щыналъэм и гъэзэгъэм щынагъуэншагъэу щыIэ кIуэным и щытыкIэмрэ ар къызэгъэпэщыныmкIэ кьалэнхэрэр.

КЪБР-м щыIэ Къэрал кIуэцI IэхъуэхмкIэ министерствэм къызэригъэтимкIэ, 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм щатхащ гъэзэгу-транспорт къэхъукъащIэу 265-рэ. Абыхэм щыхэхъуэдащ щIыхь 65-рэ, 322-м фэбжь хахащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм тепщIыхьымэ, чэфу рулым дэсхэм я зэранкIэ къэхъуа гъэзэгу-транспорт нэщхъеягъуэхэр процент 23,8-кIэ, илъэситI иримыкъуауэ транспорт зезыгъэкIуахэр зыхэтхэр процент 32,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Сабийхэр зыхэхуа апхуэдэ Iэхъугъуэхэм проценти 8,3-кIэ, пассажир транспортыр зезыгъакIуахэр зыхэтахэм процент 23,5-кIэ хэщIащ.

Гъэзэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьалъытащ гъэзэгум зэрыщыкIуэ хабзэхэр уэим зэращIыр - къыхуэкIуэ лъагъуэм зэрытехьэр, зым адрейм зэрыхудимычыхьр, зэрызекIуэ псынщIагъым зэрыщIрагъэгъур, ефачэ рулым зэрыдэсыр, къищынэмыщIауэ, узрам гъэзэгу сетхэм я щытыкIэр зэрымыхьэнэнщэр.

БлэкIа мазихым кьриубыдэу КЪБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и управленэм итхащ гъэзэгум зэрыщыкIуэ хабзэр къызэрызэпаудам папщIэ административнэ тезыру мин 300-м щIигъу, абыхэм ящыщ мин 200-м щIигъур къахутащ автоматическэу ахэр зыгъэIэмэпсымэхэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ, ялажь Iэхъугъуэм щхьэкIэ къэмынэу, гъэзэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я бжыгъэр куэду къызэрыкIэр. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIауэ, нэхъ хэкъуэдэу пэрытыпхъэщ. Я игъэщIапхъэхэм КIуэкIуэ К. къахигъэбелджылыкIащ профилактикэр. Ар зи пщэ къыдэхуэ Iэнатlэ псори зэщIэгъэуIуэу ф1ы къыпэкIуэ зэдзэлажьапхъэщ, гъэзэгум зэрыщызекIуэ щэнхабзэмрэ законым хуащI пщIэмрэ къэIэтынри хэту.

ЩIапхъэждащIэхэмрэ гъэзэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыудхэмрэ, къыхигъэщащ КIуэкIуэ К., жылагъуэм нэмыплъ къаритын хуейщ. Абы и щапхъэу щытыпхъэщ властым и щыналъэ Iэнатlэхэр.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щызхэплъащ «Хьэрычэтыщ1э мащIэмрэ курытымрэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм и жэрдэмхэр дэнгъыным» пlэлъкъ проектымрэ «Хьэрычэтыщ1э Iэхъугъуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ административнэ кьыпэубыдыныгъэхэр IухынымкIэ ебгъэтIылъэкI мыхъуну лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ» УФ-м и Президентым и Указымрэ зэрагъэзащIэ щыIкIэм.

Мы Iэхъум дыщIытепсэлъыхьым и щхьэусыгъуэщ, жиIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм, пандемием и лъэхъэнэм къыхалъхьа къыпэубыдыныгъэхэм я зэран нэхъыбэу хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ зэрекIар. Абы къыхэкIыу кIэлъыплъ, къызэпщытэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр ябзыхун хуейщ быдэу хабзэм тету, республикэм щекIуэкI лэжьыгъэр зэрызэтеувэжыным хущIэкъуу.

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2020 гъэм и мэкъуаугъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхауэ щытащ хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ я субъектхэу 19142-рэ, абыхэм ящыщу 5292-р юридическэ лицоуэ, 13850-р щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэу. 2019 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ я субъектхэм 403-рэ яхэщIащ. Абы щыгъуэми юридическэ лицохэм 14 кьахэхъащ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм 417-рэ якIэрыхуащ.

Республикэм и налог органэм щагъэзащIэ коронавирусым и зэран зэкIа хьэрычэтыщIэ Iэнатlэхэм щылажьэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Iэхъугъуэхэр. 2020 гъэм накъыгъэм и 1-м щыщIэдзауэ налог кулыкъум къыщIахыу хуежьащ хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм субсидие етыныmкIэ лъэIу тхьлъхэр. Абыхэм япкъ иткIэ 2020 гъэм и мэлыжьыхьым хуэзэу том мелуан 87,5-рэ, накъыгъэм - том мелуан 93,6-рэ ятащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ хьэрычэтыщIэхэм грантхэмрэ субсидиехэмрэ, кьащIэтэмэ, мэкъумэш хозяйствэм зэрыхухах щыкIэр зэрегъэфIэкIуапхъэр, бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэри тегъэщIапIэ ящIу, Iупльэ тын-къеIыныщ щамыгъэIэн папщIэ.

2020 гъэм зи пIалъэ икI лицензэ лIэужьыгъуэ 17-мрэ хуит къэзыщI лIэужьыгъуэ 27-мрэ, къищынэмыщIауэ, Iэщ1агъэлIхэм я сертификат, аккредитацэ, хуит къэзыщI нэгъуэщI документхэм зы илъэс къыхупащэ.

Зытепсэлъыхьа IэхъугъуэхэмкIэ доклад ящIащ КЪБР-м щыIэ МВД-м и министр **Павлов В.**, Транспортым кIэлъыплъныmкIэ КИФЩI-м щыIэ щыналъэхэм зэдай щыIэныгъэ и унафэщIым и къуэдзэ **Пщыгуэш А.**, Бахьсэн мунципальнэ щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз А.**, КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министр **Рахаев Б.** сымэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм гъатхэ сессиер щиухымрэ бжьыхьэ сессием щыщIидзэмрэ я пIалъэхэм и IэхъукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №174-П-П-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм гъатхэ сессиер щиухымрэ бжьыхьэ сессием щыщIидзэмрэ я пIалъэхэм и IэхъукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №174-П-П-м и 1 пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, «14» бжыгъэхэр «10» бжыгъэхэмкIэ хъуэжауэ.

2.Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2020 гъэм фокIадэм и 10-м
№175-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым (Правовой информацэмкIэ официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru) мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1.40-2 статьям и 5-нэ Iыхьэм «15» бжыгъэхэр «10» бжыгъэхэмкIэ зэхъуэкIын.

2.41 статьям и 1-нэ Iыхьэр мыпхуэдэу къахьын:

«1. Парламентым и зэIущIэхэр ирагъэкIуэкI гъатхэ, бжьыхьэ сессиехэм я лъэхъэнэм. Iэмалыншагъэ кIыщыкъуэкIым и деж мы Регламентым ипкъ иткIэ зэIущIэхэр сессиехэм я зэхуэхум ирагъэкIуэкI хъунущ, зэпэщIэха мардэри иIэу.».

3.58-1 статьям и 1-нэ Iыхьэм «мурадкIэ» псалъэр щIэзэхъуэкIын «е икIэщIыпIэкIэ къагъэувмэ» псалъэхэмкIэ, «Парламентыр хэплъэн хуейуэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «Парламентым и унафэр здынэсым ипкъ иткIэ, парламент зыгъэпсэхугъуэхэм я лъэхъэнэри хиубдауэ» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIын, мы псалъэухэри дыщIыгъун: «Парламентым и унафэхэр абы щыгъуэм хъащтэфынущ щIэупщIэныгъэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ Парламентым и президиумым и унафэр къызэращтэ зэрыщIэупщIа листым ит «сыарэзыщ», «сыарэзыкъым», «Iэ сIэтынукъым» псалъэхэм хуэзанщIэ зэпэплIимэ нэщIым сыт хуэдэ дамыгъэри Парламентым и президиумым хэтым и унэщIэм хуэзэу иригъэувэкIэрэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2020 гъэм фокIадэм и 10-м
№178-П-П

● ТхьлъыщIэ

Кууу пхоплъыф

Мейкъуапэ дэт «Полиграф-Юг» тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Щоджэн Эмилиерэ Хьэуткъуэ Самиррэ «Адыгэхэм я тхыдэр» зыфIаща тхыльыщIэр.



«ТХЫлЪЕДЖЭХЭМ я пащхьэ къитлъхьэ лэжьыгъэр Урысейм щыIэзрыIуэ къэхутакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIащ: профессор, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щоджэн Эмилиерэ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Хьэуткъуэ Самиррэ», - зыкъыщыпхуегъаз1э япэ напэкIуэцIым тхылъым и пэублэр зытха философие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и унафэщI Лiэужь Iэдэм.

«Мы тхылъыщIэм Адыгейм щыщ тхыдэджхэм къыщагъэщхьэпэ бгъэдыхьэкIар щIэныгъэм иджыри щIэуэ щалъытэ, «тхыдэ-антропологие» Iэмалым и щапхъэщ, - къыхегъэщ Лiэужьым. - Шэрджэсхэм я блэкIар щыдджкIэ ар кьытхуэгъэсэбэпмэ, тхыдэдж куэдым щхьэхуимыту яIэщIэкI нэфI-неягъыр нэхъ мащIэ зэрыхъунуми, щхьэж и Iэпэкъыр адрейхэм ефIэкIыу кьигъэлъагъуэн хьэлыр нэхъ зэрызэпыкъунуми, зэманым щIигъэпща Iэхъугъуэхэм гукъанэншэу дызэрелпъыхьынуми шэч хэлъкъым».

Щоджэнымрэ Хьэуткъуэмрэ дагъэщIыху тхыдэ къэгъэлъэгъуэкIэ Iэмалым тегъэщIапIэ ищIыр кьэхъуэм и закъуэкъым. Абыхэм къафIэIуэхущ зытепсэлъыхь лъэхъэнэм щыпсэуа щIыхр щIэгуфIэу, щIэнэщхьейуэ, ишхыу, щитIагъэу, зэгупсысу, зэхъуапсэу щытар. Тхыдэр занщIэу гу зылъымытэ куэдым зэрепхам тхылъеджэм и нэр трегъахуэри, дэтхэнэ зы лъэпкъми и блэкIар ноБэрей гъащIэм кьыщыпхуэсэбэпын хуэдэу, гукIэ зэхущIэр зэхъуэпсэу щытар. Аращ «тхыдэ антропологие» зыфIищыр.

«Тхыдэ антропологием мыхьэнэшхуэ иIэщ, - я бгъэдыхьэкIэр Iупщ1 тщащIин папщIэ, хэзыгъэгъуазэм зыкъыщытхуагъаз1э тхылъыр зи Iэдакъэщ1экIэм. - Дауэ къыщалъхуа щыпIэкIи, я Iэпкъльэпкъ зэхэлъыкIэкIи, я бзэкIи, я махуэкIэр гъащIэр зыгъэтрауку щыкIэмкIи, хабзэ зэрахьэхэмкIи зэмыщхь щыхуэхэр ильэс мин бжыгъэкIэ зэззэгъыу зэрызэдзпсэуфыр? Сыт дунейпсо щыхуэбэр зы зыщIыр?»

Апхуэдэ упщIэхэр зыхуагъэувыжри жэуапи кърат зи гугъу тщIы тхылъ тщIэгъэнэр адыгэ тхыдэм дихьэхэм тыгъэ яхуэзыщIа Хьэуткъуэ Самиррэ Щоджэн Эмилиерэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Нэхъ пасэу къызэхуосыжхэр

КЪБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэр фокIадэм и 10-м къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал гимнхэмкIэ.

● КЪБР-м и Парламентым

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ депутатхэм я лэжьэгъуэр нэхъ пасэу зэрыщIадзэжам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр «КЪБР-м и пенсионерыр 2021 гъэм ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу къихьын хуейр гъэбелджылын» КЪБР-м и законым и проектым хэплъэн зэрыхуейр зэрыарар.

Законопроектым теухуауэ КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэпэныкъныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм щыпсэу пенсионерыр ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу хуагъэувыр сом 9679-рэ зэрэхъур. Социальнэ ахъшэр зыхущIагъунур щIыху мин 60-м щIегъу.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, къкIуэну илъэсым я Iэхъум сом зы мелардым щIигъу хухахынущ, сом мелуани 140-р республикэ бюджетым къыхэкIыу.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ республикэм щIыхуэр Iэнатlэкlэ къызэрыщIэзгъэпэщам. КъызэрыхагъащамкIэ, иужьрей маззэхэм коронавирусым и зэранкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм куэдкIэ щIыхьэхъущ.

- ФокIадэм и 10-м ирихьэлIэу республикэм щыпсэу щIыху мин 70-м щIигъуэм зэрылажьапIэншэм теухуауэ тхыгъэ къытIэрагъэхьащ. Абы щыщу щIыху мин 63-м нэблагъэр учётым дгъэуващ, - жиIащ Асановым. - Къыхэгъэщын хуейщ лэжьапIэншэу зэрызрагъэтх Iэмалхэри мы гъэм нэхъ тынш зэрыштщIар, абы ехьэлIа дэфтэрхэр «Къэрал Iэхъутхьэбзэхэр» сайтымкIэ ягъэхьэзыр мэхъу. Апхуэдэуи абыхэм зэрызащIэдгъакъуэ ахъшэр сом 800-уэ щытамэ, я пэщIыкIэ сом 1500-м нэс ар хэдгъэхъуащ, иужькIэ сом 4500-рэ нэс екъуэ дубзыхуащ. Мы илъэсым а дэпэныкъныгъэр щIыхуэм зэрыщIэхьэжьэн папщIэ, сом мелард 1,2-рэ текIуэдащ. Ар федеральнэ бюджетым кьыхокI икIи псори зэуэ къытIэрызэркъым. Ахъшэр кьызэрытхуэкIуэм елъытауэ, щIыхуэзэм дэпэныкъныгъэр ялъыдогъэIэс.

Депутатхэр арэзы техъуащ «УФ-м и щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» федеральнэ законым и проектым. Абы теухуауэ хэпсэльащ КЪБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъуэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**. Абы жиIащ щIалэгъуалэ политикэм и мураду, унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыпхъэр федеральнэ мы щхьэзэ яIэу зэрызубзыхупхъэр, апхуэдэуи я Iэхъум елэжь щIыналъэхэм я зэхущытыкIэхэр зэтеуфлэн зэрыхуейр.

- Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я нэхъыбэм, Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ законхэр кьыщащтащ, ауэ ахэр зы Iэхъу бгъэдыхьэкIэм тещIыхьауэ убзыхуакъым, - жиIащ Емузым. - Законопроектым егъэбелджылы «щIалэгъуалэм» хиубыдэхэр - ахэр зи ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 35-рэ хъуэращ. Къыхэгъэщыпхъэщ, «щIалэгъуалэ» ныбжьыр илъэс 35-м нэс хэдгъахъуэмэ, къэрал дэпэныкъныгъэ зэхуэмыдэхэр (псом хуэмыдэу ахъшэ саугъэтхэр кьэхьыным тещIыхьа Iэхъуэхэмрэ унагъуэ ныбжьыщIэхэм унэ къыхуащъхунымрэ ехьэлIауэ) къагъэсэбэпыныmкIэ Iэмал нэхъыбэ зэрагъэнур.

Законопроектым къыщыгъэзагъэуащ щIалэгъуалэр, унагъуэ ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр щIалэгъуалэ политикэм зэрыхэтыну щыкIэхэр.

КЪБР-м и профсоюз Iэхъущ1анIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт** Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм я Федерацэм и пщэрылъкIэ Егоровэ Татьянэ иритащ «Жьыджэру къыхэзыридзлажьэм папщIэ» бгъэхэIу дамыгъэр.

ЗэIущIэм и кIэм Егоровэ Татьянэ депутатхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъуэм зэрыщIадзэжам щхьэкIэ икIи коронавирусыр иджыри зэрызэбгрыкIым къыхэкIыу зыхуэсакъыжьыну, апхуэдэуи Iэмал зэриIэкIэ зэIущIэхэр щIыхуэм япэ-Iэщ1эу иригъэкIыныу къахуриджащ.

- Бжьыхьэ лэжьэгъуэм Iэхъу куэд зэфIэдгъэкIыну ди мурадщ. Аращ щIыхуэм япэIэщIэу зэрыхъукIэ ныкъэзэгъэпэщыну фыкьыхуэздэжэ, апхуэдэ Iэмал фимыIэмэ, щIыху 50 нэхърэ нэхъыбэ зэхуэвмышэсу. КъищынэмыщIауэ, щIыхуэм я гугъуехьхэм ехьэлIауэ иджы тыгъэкIэ зыкъытхуагъаз3эмэ нэхъ кьабылу къыщIэкIынщ, - дыщIигъуащ Егоровэм.

БАГЪЭТЫР Луиз3.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гуп
Ехань джэгуГуэу
«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
Налшык. «Спартак» стадион.
ФокIадэм и 13.
Сыхьэт 17-м.

Гу зылъытатхъэ:

1. Стадионым ихьэхэм нэкIупхъэ яIулъын хуейщ.

2. Я Iэхэр дезинфекцэ ящIу Iэлъэ зыIэратIэгъапхъэщ стадионым щихьэкIэ.

3. Стадионым исхэр метр 1,5-кIэ мынэхъ мащIэу зэпылъкIуэтауэ щытын хуейщ.

● ТхьлъыщIэ

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

● Гу зылъытатхъэ

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!

2020 гъэм фокIадэм и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.

НэХЪ фыдзэзыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхуоджэж.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейкэм хъыбар фыдогъащIэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кIэнлейкIэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КЪБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэ.

● Шэджэм щIыналъэ

Къардэн Мурат и цIэр фIащ

Шэджэм къалэм иджыблагъэ къыщыхэIуахащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ школ. А спорт лIэужьыгъуэмкIэ Олимп чемпион, Дунейпсо кубокыр къэзыхьа Къардэн Мурат и цIэр абы фIащащ.

СПОРТ бэнэкIэмкIэ пэшым зэуэ зыщагъэсэфынущ сабий 150-м. КъыщынэмыщIауэ, абы хэтщ псы есыным, атлетикэ хьэпIэм, гуп эпгеуэ зэмылIэужьыгьуэхэм зыщыхуагъэхьэзыр щIыпIэ Iэхуитлъхьхуитхэр.

Пэшыр къызэгъэпэщащ жьыр зыгъэкъабзэ IэмэпсымэкIэ, зыхуэй хуэгъэза зытIэщIыпIэхэмкIэ, тренерхэр зыщIэсыныхэмкIэ. Алэрыбгъуищ щацкъуэдия щIыпIэм алыдж-урым бэнэкIэм щыхуагъэсэнущ.

БэнэкIэмкIэ пэшыр Шэджэм къалэм къыщыхэIуахым кърихьэлIащ абы и цIэр зыфIаща Олимп чемпион, иджыпстуу КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Къардэн Мурат.

Iэхуу щхьэпэм и хьэтыркIэ къыхуэсыжахэт ди спортсмен цIэрыIуэ Олимп чемпионхэу Махуэ Биналрэ Мудрэн Беслъэнрэ, Урысей Федерацэм дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ, Олимп Джэгухэм домбеякъ медалыр къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий сымэ, нэгъуэщI дыззрыгушхэу щIалэ зыбжанэ. Официальнэ Iуэхугъуэхэр зэфIэкIа иужькIэ ахэр жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъарым и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм спорт пэшыщIэм щрагъэкIуэкIа япэ зыгъэсэныгъэм.

Шэджэм къалэм къыщыхэIуахэ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пэшым зи цIэр фIаща Къардэн Мурат ди республикэр къищынэмыщIауэ, къэралыр зэрыгушхуэ цIыхущ. Ар Олимп чемпионщ (2000 гъэм), Дунейпсо кубокыр щэнейрэ къэзэхьащ (1992, 1995, 1997 гъэхэм), Европэм щытекIуащ (1998 гъэ), иджы Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Узыншагъэ

Зэдэлэжьэну зэгуроIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ лэжьыгъэ Iуэхуки щIащ Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэныммкIэ и министерствэм Сабийхэм я узыншагъэмкIэ лъэпкъ медицинэ къэхутэныгъэмкIэ и центрым и лIыкIуэхэр.

IЭЩIАГЪЭЛIХЭР щыIащ Республикэ клиникэ сымаджэщым, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым, Сабий унэм, Сабий поликлиникэ №1-м. КъБР-м узыншагъэр хъумэныммкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ министерствэм сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэр кахуэзгъэпщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Щоджэн Юлиерэ хьэщIэхэр щагъэгъуэзащ цIыкIуэхэм я узыншагъэр хъумэныммкIэ республикэм щызэфIагъэкI Iуэхухэм. Москва къикIа IэщагъэлIхэм зрагъэлъэгъуащ сабийхэм щеIэзэ Iуэхущ щIапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр, ди дохутырхэм я зэфIэкIхэри ягъэунэхуну къахуихуащ. Я нэгу щIэкIахэм теухуауэ я еплъыкIэхэр къаIуэтащ, республикэм и педиатрие IэнатIэр адэкIи егъэфIэкIуэнымкIэ чэнджэщ щхьэпэхэр кратащ.

ХьэщIэхэм къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дохутырхэм Iэзагъышхуэхэр зэрыдалъэгъуар, апхуэдэуи Республикэм клиникэ сымаджэщыр зыхарзынэу лэжьыгъэм кыдэзрихуэзгъэпэщар жаIащ, зэдэлэжьэныи зэгурыIуахэщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

● Банк Iуэхухэр

Мини 160-м щIегъу

Мы гъэм зэрыщIидзэрэ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ахъшэ зэрат банк картэу мини 8,5-рэ къыдигъэкIащ. Ди республикэм иджы апхуэдэу щыщIэхэм я бжыгъэр псори зэхэту мини 160-м щIигъуащ.

УРЫСЕЙМ и «Мэкъумэшбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и банк картэхэмкIэ нобэм ирихьэлIэу къызэгъэпэщащ Iуэхущ щIапIэ 206-рэ. Мы гъэр ихуэхукIэ абыхэм иджыри 10 - 15 кIыхьачэхъуэну я мурадщ.

Клиентхэм я Iуэхуэхэр щагъэпсынщIэн папщIэ банкоматхэр щIыпIэ куэдым къыщыхэIуахащ. ИджыпстукIэ ди республикэм апхуэдэу 32-рэ хъыбарегъащIэ-ахъшэр къыщыхах терминалу 16-рэ итщ. Налшык къалэщ, дауи, нэхъыбэр здэщыIэр. Банкомат 15-рэ терминали 5-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым щагъэуващ.

- «Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» и пластик картэхэр ди клиентхэм я гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ. Апхуэдэхэр кагъэсэбэпурэ абыхэм Iэмал яIэщ ахъшэ хъыхахыну, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм и Iэхуэтхьэбзэхэм, сотовэ зэпыщIэныгъэмрэ спутник телевиденэмрэ я уасэр ятыну, къыщынэмыщIауэ, зы картэм ирагъэкIыу адрей картэм я ахъшэр ягъэкIуэну, цIыкуэхэр куэду щыIэзэтрихьэ щIыпIэхэм мыкIуэу ахэр зэрагъэкIуэфын папщIэ»,- къыджиIащ «Мэкъумэшбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм корпоратив сату щыныммкIэ и къудамэм и унафэщI-Егъэн Исльам.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - Урысейм и агропромышленнэ комплексым Iуэхутхьэбзэ хуэзыщIэ кредит-финанс лъэпкъ системэщ. Ар 2000 гъэм къыхэрагъэпэщащ икIи нобэ къэралым и банк нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Адыгэшым дунейпсо рекорд егъэув

● Хъыбар гуапэ

«Шэрджэс дерби» зэпеуэр адыгэшым дунейпсо рекорд зэриГъэувамкIэ ихуащ. «Шуууэ махуипщIым и кIуэцIкIэ зэпача гъэзуанэ нэхъ кIыхь дыдэ - километри 1.002-рэ метр 300-рэ» - апхуэдэу тхыльхэм итынущ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ нобэ зэрахьэ лIыгъэр», - жиIащ Урысейм щагъэкIуэр рекордхэм и къэпщытакIуэ Дубровин Александр.

МАХУИПЩI хъуауэ сабии балигъи я гулъытэр зыкIэрыпщIа, Нартан губгъуэхэм щекIуэкIа адыгэш зэхьэзэхуэр и кIэм нэсащ. Нэхъ пасэу и гугъу зэрытщIащи, зэхьэзэхуэм шууей 11 зэдыхьхьат. Абыхэм ящыщу махуэ ебланэм щегъэжьауэ гъэзу тетар шууищ къудейщ.

Ялэ кушыдэм шум пэплъэу зэхэт цIыхубэм я гуфIэгъуэр яхуэубыдыжыртэкъым, шууищри зэбгъурыту къыщысыжам. Нэхъыжьыгъэр зыльыс, Инал шым тес Къунижь Роберт икум итт. Шагъдийм тесу нэхъыжьым и сэмэгурабгъумкIэ кърикIуэ Джатэ Щамил Урысейм и ныпыр IэщIэлът. Къазбич тесу ижьырабгъумкIэ къыщыт Дудэ Арсен адыгэ ныпыр иIыгът. Адыгэшым и бэшэчагъыр кьигъэльэгъуамэ, щIалэхэм адыгэлIыр зэрымыкIуэдыжар, щэным я нэхъ дахэ щыIэныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ пхэлъыным нэхърэ нэхъ лъапIэ дэтхэнэ лъэпкъми зэримыгъэтыныр кьагъэльэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэу, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэм хухаха теувапIэхэр нэщIу кьанэри, адыгэ фащэ зыщыгъ шууеищыр зэбгъурыту япэ увыпIэм дэкIуеящ.

Псалъэ дахэкIэ къыщэхуэсахэм заукъхуигъэзащ и щхьэкIи зэпеуэм хэта, «Адыгэшыр хъумэныммкIэ фондым» и унафэщI, Iэхум и къызэгъэпэщакIуэ Сибэч Артур:

«Дэ дрогушхуэ нобэрей махуэр тхыдэм зэрыхэувам. Пэжыр жыпIэмэ, ди фIэщ хъурт адыгэшым мы Iэхур зэрыхуэзфIэкIынур, итIани ди нэкIэ тлъэгъуатэкъым. Псори зи фIыщIэр Алыхьышхуэрщ.

«БгъэкIэ мыпсалъэмэ, кьанжьхэр мэкIакIэ», - жаIэ. Адыгэшыр зэрыдиIэр хуабжьу жызыIэн хуей си лъэпкъэгъуэкIэ куэдрэ щыму щысащ. АпщIондэху кьанжьхэр кIакIэрт. Жэщи махуи абыхэм адыгэшыр ягъэпудырт. Ар щымыIэжу, щыIэжми, зыри имыщIысыж хуэдэу ягъэIурт. Нобэ къэралми, дуней псоми, дыкъызыхэкIа лъэпкъми я нэкIэ идогъэлъагъу дунейпсо цIыхубэм адыгэжыртэкъым, шууищри зэбгъурыту къыщысыжам. Нэхъыжьыгъэр зыльыс, Инал шым тес Къунижь Роберт икум итт. Шагъдийм тесу нэхъыжьым и сэмэгурабгъумкIэ кърикIуэ Джатэ Щамил Урысейм и ныпыр IэщIэлът. Къазбич тесу ижьырабгъумкIэ къыщыт Дудэ Арсен адыгэ ныпыр иIыгът. Адыгэшым и бэшэчагъыр кьигъэльэгъуамэ, щIалэхэм адыгэлIыр зэрымыкIуэдыжар, щэным я нэхъ дахэ щыIэныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ пхэлъыным нэхърэ нэхъ лъапIэ дэтхэнэ лъэпкъми зэримыгъэтыныр кьагъэльэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэу, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэм хухаха теувапIэхэр нэщIу кьанэри, адыгэ фащэ зыщыгъ шууеищыр зэбгъурыту япэ увыпIэм дэкIуеящ.

Псалъэ дахэкIэ къыщэхуэсахэм заукъхуигъэзащ и щхьэкIи зэпеуэм хэта, «Адыгэшыр хъумэныммкIэ фондым» и унафэщI, Iэхум и къызэгъэпэщакIуэ Сибэч Артур:

«БгъэкIэ мыпсалъэмэ, кьанжьхэр мэкIакIэ», - жаIэ. Адыгэшыр зэрыдиIэр хуабжьу жызыIэн хуей си лъэпкъэгъуэкIэ куэдрэ щыму щысащ. АпщIондэху кьанжьхэр кIакIэрт. Жэщи махуи абыхэм адыгэшыр ягъэпудырт. Ар щымыIэжу, щыIэжми, зыри имыщIысыж хуэдэу ягъэIурт. Нобэ къэралми, дуней псоми, дыкъызыхэкIа лъэпкъми я нэкIэ идогъэлъагъу дунейпсо цIыхубэм адыгэжыртэкъым, шууищри зэбгъурыту къыщысыжам. Абыхэм кьакIэрыхуэрэкъым зи щхьэгъусэ, зи адэ, зи къуэ, зи дэлъху зэпеуэм зыгъэкIуа цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ. ФIыуэ ялъагъуэхэм псэкIэ зыкъыщIагъакъуэрэ текIуэныгъэкIэ фIэкIа кьащымыгугъыу ахэр я унэ зэрисыжари нэрымылъагъуу зэрахьа лIыгъэм и щапхъэщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

КIэртIофыр, нартыхур, къэбыстэр кърахьэлIэж

Шэрэдж щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапэм къызэритамкIэ, районым и кIэм щынэблэгъащ кIэртIофыр къэтIыжыныр. Ар щыгъэщIакъуэжащ гектар 233-м е зыхаса псоми я процент 75-м.

ИБЭВАГЪМИ щогуфIыкI ар зыщIахэр - гектар къэс центнер 230-рэ къытокI. Республикэм ику иту гектарым центнер 206-рэ фIэкIа къызэрыщытрамыкIыр къэплъытэмэ, щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм узыщIигуфIыкIын екъулIэныгъэкIэ яIэщ. Илъэс кIуам а бжыгъэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэу щытащ - гектар къэс центнери 188-рэ къитауэ арат.

Апхуэдэуи гъавэгъэкIэм «Бондюэль» нартыху лIэужьыгъуэр щыIуахьыж Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ къуажэхэм. Пасэу хъу нартыху Iэфлlэужьыгъуэм хухахащ гектар 230-рэ. Ар Iэкlэ къъдачьж, кIэчан мин 20 - 25-рэ зы гектарым къытекIыу. ЗэуIуу зыщIэхухэм нартыху кIэчан къэс сом 13 - 14-кIэ хэрат. Абы фейдэ хъарзынэ къьахуехь нартыхугъэкIэм.

Балъкъэр Ипщэм, Жэмтхьэлэ Ипщэм я хадзэкIгъэкIэрэ Iуэхуншэ хъурхъым. Иджыпсту абыхэм Iуахыж къэбыстэ пасэр.

Нэхъ гувауэ щIадзэнуц гъавапхъэ нартыхумрэ къэбыстэ кIасэмрэ къеохьэлIэжыныр.

ШЫРЫТ Къантемыр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сабийхэр мамырыгъэм и телъхьэщ

«Москва-Дамаск» арт - марафоным ипкъ иткIэ, «Дети России за мир в Сирии» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн иджыблагъэ Щам щекIуэкIащ.

УРЫСЕЙМ и хэгъэгуихым щыщ сабийхэм графикэ жыпхэм иту я Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтипщI утыку къыщрахьащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу гъэлъэгъуэныгъэм кIуэну хуагъэфащащ, и зэфIэкI дахэхэмкIэ ди газетеджэхэр фэдгъэцIыхуауэ щыта, Уэтей Хьэзем. Абы и гъусащ РСО-Аланием (Мэздэгу къалэ), Ставрополь крайм (Псыхуабэ), Санкт-Петербург, Адыгейм (Тульский къуажэ), Коми Республикэм (Воркута къалэ) щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Нартхэм я хьугъуэфIыгъуэ» фестиваль-зэпеуэр Лъэпкъэхэм я унэу Москва дэтымрэ сурэтыщI-модельер щIэрыIуэ Пажь Альбинэ и фондымрэ 2008 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы зэхащэ дауэдапщэхэм щIалэгъуалэр Урысейм и лъэпкъэхэм я тхыдэм, щэнхабзэ щIэиным нэIуасэ хуещI, фIыуэ яергъэлъагъу. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ, глобализацэм зэщIэубыда дунейм, лъэпкъыбзэхэм лей кьащытехьэ лъэхъэнэм, мы фестиваль-зэпеуэр адыгэбзэр, щэнхабзэр хьумэным зэрытелажьэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 12, *щIэбэт*

♦**Япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Iэпэхъ щIыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Программистым и махуэщ**
♦**1492 гъэм** Колумб Христофор Америкэр зэрыщыIэр къихутащ.
♦**1698 гъэм** Урысей пащтыхьыгъэм Таганрог къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ.
♦**1715 гъэм** Пётр Езанэм къыдигъэкIащ къалащхьэм щыпсэухэм я вакъэхэм нал щIалъхьэну хуит зымыщI унафэ. ГъущI Iунэхэм, налхэм Бытырбыху пхъэм къыхэщIыкIа и гъуэгухэр Iисраф зэращIыр игу темыхуауэ арат къэрал унафощIым.
♦**1934 гъэм** Латвием, Литвам, Эстонием политикэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Женевэ Iэ зыщIэрадза а зэгурыIуэныгъэр тхыдэм хыхьащ Балтикэм и Антантэ цIэр иIэу.
♦**1953 гъэм** Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и япэ секретару хахащ.
♦**1953 гъэм** Кеннеди Джонрэ Бувье Жаклин Лиррэ я нэчыхьыр ятхащ.
♦**1954 гъэм** Краснодон щагъэуващ нэмыщIэ фашистхэм я бийуэ а къалэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къыщызэрагъэпэща «ЩIэблэщIэ гвардие» зэгухьэныгъэм хэтахэм я фэеплъ.
♦**1959 гъэм** «Восток-Л» совет ракетэр япэу Маазэм лъэтащ икIи СССР-м и ныпымрэ гербымрэ ихьащ.
♦Франджы физик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Жолио-Кюри Ирен** зэрэралъхьурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас** къызэралъхьурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артисткъ **Дорониндэ Татьянэ** къызэралъхьурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, скрипкэм Iэзэ дыдэу зэреуэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхьуа, СССР-м и цIыхубэ артист **Спиваков Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Совет фигуристкэ, Олимп чемпионкэ щэнейрэ хъуа, дунейм пщIэнейрэ пашэныгъэр щызыубыда, УФ-м и Къэрал Думэм и 5 - 6-нэ зэхуэсыгъэхэм я депутату щыта **Роднина Иринэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ и артист **Шэджыхьэщ Аслъэнбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Урысей политик, УФ-м и Хэхакъуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Памфиловэ Эллэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градуси 16 - 17 щыхъунущ.

ФокIадэм и 13, *тхъэмахуэ*

♦**Фашизмэм и зэранкIэ дунейм ехыжахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**
♦**Байкал гуэлым и махуэщ**
♦**Урысей Федерацэми, Белоруссиеми, Украинэми щагъэлъапIэ танкистым и махуэр**
♦**Канадэм щагъэлъапIэ адэшхуэ-анэшхуэхэм я махуэр**
♦**1736 гъэм** Челябинск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦**1741 гъэм** Урысей империем унафэ къыщыдэкIащ лэжьэгъуэ махуэм и мардэр сыхьэт 15-м щIигъу зэрымыхъунум теухуауэ.
♦**1762 гъэм** Екатеринэ ЕтIуанэр пащтыхь къупыкъум пэрыуващ.
♦**1745 гъэм** «Атлас российский» географие къыдэкIыгъуэр япэу дунейм къытехьащ.
♦**1929 гъэм** инджылыз щIэныгъэлIбактериолог Флеминг Александр и къэхутэныгъэщIэм - пенициллиным - и сэбэпынагъыр хэлущIыIу ищIащ.
♦**1937 гъэм** Iуэвэ-тенджыз фIыщIэ крайр ягуэшащ Краснодар крайрэ Ростов областу.
♦**1942 гъэм** Сталинград зауэм щIидзащ.
♦**1999 гъэм** террористхэм Москва и Каширскэ шоссе уэрамым тет унэхэм ящыщ зыр къагъэуащ. Абы щIэсахэм ящыщу цIыхуи 124-рэ хэкIуэдащ.
♦Драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд** къызэралъхьурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Партизанкэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Космодемьянская Зое** къызэралъхьурэ илъэс 97-рэ ирокъу. ЦIыхубзхэм ящыщу араща а щIэ лъапIэр ягъэзыфIащар.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыакъуэ, усакIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артист **Розенбаум Александр** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Тележурналисткэ, «НТВ телекомпание» АО-м и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ, хъыбарыщIэхэмкIэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ **Митковэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Урысей журналист, «Совершенно секретно» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Боровик Артём** къызэралъхьурэ илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

ФокIадэм и 14, *блыщхьэ*

♦**Украинэм щагъэлъапIэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр**
♦**1812 гъэм** мафIэсышхуэм зэщIищта Москва дыхьащ Наполеон и дзэр. Ар бийм зауэншэу иратыну зэгурыIуат, къалэри дзэри хъума хъун папщIэ.
♦**1829 гъэм** Урысеймрэ Тыркумрэ Iэ традзащ Адрианополь мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм.
♦**1853 гъэм** Тыркум Урысейм зауэ къришIылIащ. Кырым зауэм щIидзащ.
♦**1886 гъэм** США-м щыщ Андерсон Джордж зэрыбкIэ зэрытрадзэ машинкэм далъхьэ щIэхъыкIыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кратащ.
♦**1896 гъэм** Санкт-Петербург телеграф агентствэм лэжьэн щIидзащ.
♦**1911 гъэм** Киев дэт Оперэ театрым кIэрахъуэкIэ щауэкIыну хэтащ Урысейм и Министрэм я Советым и унафэщI Столыпин Пётр. Абдеж къыщыхъуэ уIэгъэхэм ар илыкIащ фокIадэм и 18-м.
♦**1917 гъэм** ПIалъэкIэ лажьэ Правительствэм Урысейр республикэу зэрыщытыр хэлущIыIу ищIащ.
♦**1936 гъэм** Быковэ аэропортым лэжьэн щIидзащ - цIыху къезышэкI кхъухьлъатэхэр пIалъэ хэхам тету тельэтыкIыу зэгтраублащ.
♦**1960 гъэм** ЩIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэр (ОПЕК) къызэрагъэпэщащ. Абы хыхьащ Иракыр, Ираныр, Кувейтыр, Сауд Хьэрыпыр, Венесуэлэр.
♦**1973 гъэм** Къалэ-лIыхъужь цIэр фIащащ Новороссийскрэ Керчрэ.
♦**2003 гъэм** Эстониер Европэ зэгухьэныгъэм хыхьащ.
♦Генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхьым щиIа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж** къызэралъхьурэ илъэси 149-рэ ирокъу.
♦Академик, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием МатематикэмкIэ и институтым и унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм тIэунэйрэ и ЛIыхъужь, Сталиным, Лениным я цIэхэр зезыхьэ саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Виноградов Иван** къызэралъхьурэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Хъыту Сайдин** къызэралъхьурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, СССР-м и цIыхубэ артист **Кириллов Игорь** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
♦ХьэрычэтыщIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта **Дер Станислав** къызэралъхьурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетIал** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, потребкооперацэм щыхуагъадэжу Белгород дэт университетым Налшык щIа къудамэм и егъэджакIуэу щыта **Хьэфыщ1э Эльмирэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦2008 - 2012 гъэхэм УФ-м и Президенту, 2012 - 2020 гъэхэм къэралым и Правительствэм и УнафэщIу щыта, 2020 гъэм щыщыIэм и 16-м къыщыщIэдзауэ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэ **Медведев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.
♦Франджым щыщ биатлонист цIэрыIуэ, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ я чемпион, Олимпиадэхэм дыжьын медалитI къыщызыхьа, дунейм хэнейрэ и чемпион **Фуркад Мартен** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыщэр куэншыбым хэлъкIи улъийркъым.

Псынэ къибыргъукIым ещхь КIуащ БетIал

БАГЪЫ Пётр

КIэухыр. ПэщIэдзэр №108-м итщ.).

- Сэ си хэщI зыгуэр изгъэсын хуейкъэ? Уэ си лъакъуэхэм ахуэзыгъэжьы-фынукъым, си Наташэ дахэшхуэ.

Зыгуэрхэм тепсэлъыхьурэ, музыкэ Iэхуми нэсахэщ. Вано формалистхэм хабжэу зэрыракъухьам и хьыбар ищIыжурэ, «джэдылIэм здихьа бабыщ» жыхуаIэм хуэдэу, Дагъыстэным къыщыхъуауэ щыта гуэри ягу къагъэкIыжри, куэдрэ иридыкъэшхащ. Мырат ар зытеухуар. Мурадели и гупыр ядыныща нэужь, Москва щызэхэуха лIыкIуэхэр зэбгроклыж. Щхьэж и лъахэ щызэхуашэсащ композитору, музыкэр зи Iэщlагъэу, фольклористу, тхыпIэ ямыщIэми, лIыжь-фызыжь уэрэдусу, уэрэджыIакIуэу щIыпIэм щыпсэухэр. Къулыкъушхуэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу Батырмурзаев гуэр пэщыр иричу Дагъыстэным къыщыпсэлъащ «Фыформалистщ, фыадрейщ-фымодрейщ», - жиIэурэ. ЩIэсхэр шынаэ, щыму едаIуэрт. ЩIагъэкъуанщэри къагурымыIуэу къызэхуэсахэм зыкъомрэ ятецIыбыхьа нэужь: «Хэт сыт щIэупщIэну?» - зэпигъауащ и хьущIэныр Батырмурзаевым. Вы цIыкIу бжьакъуэшхуэ жыхуаIэм хуэдэу, бухъар пыIэ лъагэшхуэ щхьэрыгъуэ зы лIыжь цIыкIу, тIэкIу и гур къызэрыгъуэтыжри, зыкъыIэтащ:

- Товарищ Батырмурзаев, ми дажи нотI ни знайм, какой ми пармалист? - жиIэри.

Ванорэ БетIалрэ я гур хэхъуэу зридыхьэшхыжыр арат. А зманхэм цIыхухэр нэхъыбэу щIагъэкъуанщэр къемызэгъ гуэр ящIауэ е ящIэу аратэкъым, а лIыжь цIыкIум и псалъэхэми ар наIуэу къыхэщат, формалистыр хэтми къуагъащIэу.

БетIали дуейм зэрехькрэ куэд дэмыкIауэ Мурадели махуэшхуэ хуэIуэхуэщIэхэм ящыщ гуэрым теухуауэ ди республикэм кърагъэблагъат. Шокъущ жоуэ абы уэрамым сыщыхуэзащ. БетIал и фэ есплъыртри, сыблэкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым - сыкъоувыIэ. Езыри къонэщхъей: «Ди деж сыщыщIэми, псом хуэмыдэу мыбы сыкъэкIуа нэужь, БетIал-джан зы дакъикъэ си гум схуигъэхуркъым. ИкъыкIэ сыхуэныкъуэщ сэ абы и напэлъагъум... Си Iэхуэхэр псынщIэу зэфIэзэгъэкIынурэ, сыкIуэжынущ». ИкIи кIуэжащ, афIэкIаи къигъэзэжакъым - куэд мыщIэу кIэлъыкIуэжащ фIыуэ илъагъу и БетIал-джан.

Нэхъыжьхэм ноби-ныжэби ящымыгъупщжауэ фIыкIэ ягу кьинащ КПСС-м и обкомым и апэ секретару ди республикэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа Бабич Василий. ЛIы бжьыфIэт, цIыхум защимыгъэпщкIуу, я Iэхуу дигъэкIыу, я гуауи я гуапи ирахьэлIэу. И къулыкъум хуэфащэн акъыл зыбгъэдэлъ унафэщIт, литературэм, искусствэм, щIэныгъэм я лжьакIуэхэм и нэIэ ятет зэпытт, хэхауэ БетIал фIыуэ кьилъагъурт.

А зэманым хабзэу щытащ Май махуэшхуэм къыкIэлъыкIуэ етIуанэ махуэм нэжэгужагъэ ин яхэлъу къалэдзэхэм ди парк хьэлэмэтым зыщагъэпсэхуу, жыг щIагъэхэм щIэзу щIэсу, щешхэ-щефэу, джэгу, уэрэд жаIэу. Къэбэрдей къэбар щIэщIыкъу пшынауэ Iэзэ Къашырзэ КIурацэ, БетIал и щхьэгъусэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Верэ, къуажэм къикIа сымыщIыкъу зы нэхъыжь, сэри сракIэрыдзэну, «Эльбрус» ресторанэр зэдэщытым пэмыжыжьэу удзыпцIэм дыхэст, тхьэрыкъуэф Iэнэ зэгъэпэща дыбгъэдэсу. Дыпсалъэ-дыгушыIэу дыздэщысым, «Бабич къокIуэ», - жиIащ зыгуэрым. Дыплъэмэ, лъэс лъагъуэ цIыкIум тету, Бабичрэ и щхьэгъусэмрэ къакIуэрт. Къоблэгъапэхэри: «Сынывохъуэхъу, БетIал, МахуэшхуэмкIэ», - жи. «Ахуэдэу хъурэ, хьеблагъэ! КъэтIыс!» - пожьэ абы КIуащIр. «Арауэ къыщIэкIынщ нэхъыфIри», - жеIэри Василий Ивановичи къыбгъэдохьэ. Сэлам кьурихыну и Iэр къыщишийм, стэканым кьепкIэу ирагъэхъуа бжьэр БетIал хьэщIэм Iэщlигъэувам.

- ЯпэщIыкIэ гуп махуэбжьэм уефэн хуейщ, Василий Иванович. Аращ ди адыгэ Iэнэм деж щыхабзэр.

- Мыр хъункъым, БетIал, - къоуIабжь Бабич.

- Мыхъунур уемыфэмэщ, - жи БетIал.

Сыт ищIэн? ИгъэщIейри ткIупс кьуринакъым. ИтIанэ, сэлам-чэламыр зэфIэкIа нэужь, аргуэру бжьэр ирагъахъуэри, БетIал хуэгъэзауэ КIурацэ псалъэ гуапэ жиIащ.

- НтIэ, КIурацэ, дефауэ дыкъэмыфэу дауэ хъун? - жи хьэщIэм.

Пшынэр зэрыльэлърэ лъэр щIэзыгъэкI кьафэм къыщеуэм, Бабич Верэ къыдеш. Фэеплъу кьратарэ зэззмызэ фIэкIа зыщъхэримытIагъэу БетIал бухъар пыIэшхуэ иIэт. Ар зыщхьэрехри, хьэщIэм щхьэрекъуэ - лIыр щхьэпцIэу къафэ хабзэкъым.

- Уэри ущымыту, мор къэгъафэ, - жери, Бабич и щхьэгъусэр КIуащым ирегъэлъагъу.

- Сэ сыкъэфэфырыкъым! - жиIэурэ фызыр Iуож. БетIал ещIэкъуауэу абы кIэлъожэ. КIурацэ и пшынэр мэбзэрабзэ, къэфэкIэ имыщIэми, пшынэм зыдригъэкIу щыкIэу, Бабич зеIуантIэзешантIэри, утыкум итщ, а Iэшэлъашэм щыхсэм БетIал и хьэщIэм Iэгур тракъутэ, ихъуреягъыр къагъэпсалъэу.

- Хъунщ ар, БетIал. Ди нэгу зевгъэужьащ, фIыщIэшхуэ фхуэощ, зывгъэпсэху, фыщыс, фыджэгу, уэ къэблэжьауэ пхуэфащэщ мыпхуэдэ нэгуэшыжьхэр, уи гуащIэ хэпъщ ди щIыхукъэхэм я гуфIэгъуэм, - жиIэщ, БетIал Iэплъэ къуришэкIщ, ба къыхуищыжри IукIыжат обкомым и апэ секретарыр.

Кларэ Генриховнэ Iуэхутхьэбзэ къысхуещIэ

КуэДЫМ къалъымысу щыта апхуэдэпщIэр КIуащ БетIал кьилъэжьырт и дуней тетыкIэхэмкIи и творчествэ лъэщыкIи. А фIыгъуэхэм дэри дыхэныбртэкъым.

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва командировкэ сыкIуэн хуей хъуауэ, БетIал сыхуозэри жызоIэ. «УэдыщlэтIысхьэн хьэщIэщ умыгъуэту кьалэм уэкъыдэнэмэ, Горькэм и уэрамым тетщ ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и хьэщIэщ. Абы екIуалIэ. УщIамыгъэтIысхьэмэ, директор Кларэ Генриховнэ деж щIыхьи, сэ уэзрызгъэкIуар жеIэ. Сэламаи схуехьы», - къызжеIэ БетIал. Арати, сынэса нэужь, нэгъуэщI сыхэмыту, унэр къэзгъуэтащ. СыздыщIыхьа хьэщIэщым, бгъэдыхьэпIэ имыIэу, администраторым и пэшыр цIыхухэм къаувыхьат, директорым и бжэми зыкъом Iутт. А псор щысльагъум, сызэрыгутъэшхуэ щымыIэу, Кларэ Генриховнэ деж зыщIэзгъэхуащ. Ауэ и жьжьэрэ гъунэгъуу сызэтригъэхьакъым.

- Сэ БетIал сыкъигъэкIуат, сэламаи къыуихыжащ абы, - щыжеIэм, бысымыт и нэгум зыщIэщIехуж. БетIал къыщIоупщIэ. Сэри абы жагъуэу сыкъызэримыльагъум нэхъри тызокъуэз. Езыми БетIал и хьэлхэм, и щэнхэм теухуауэ зыкъом къызжеIэ. «Ох, этот Бетал, ох, этот Бетал», - жиIэурэ и щхьэр егъэкIрахьуэ. Абы щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, и лIыгъэм, ауэ зыкъом Iутт. А псор щысльагъум, сызэрыгутъэшхуэ щымыIэу, Кларэ Генриховнэ деж зыщIэзгъэхуащ. Ауэ и жьжьэрэ гъунэгъуу сызэтригъэхьакъым.

- Сэ БетIал сыкъигъэкIуат, сэламаи къыуихыжащ абы, - щыжеIэм, бысымыт и нэгум зыщIэщIехуж. БетIал къыщIоупщIэ. Сэри абы жагъуэу сыкъызэримыльагъум нэхъри тызокъуэз. Езыми БетIал и хьэлхэм, и щэнхэм теухуауэ зыкъом къызжеIэ. «Ох, этот Бетал, ох, этот Бетал», - жиIэурэ и щхьэр егъэкIрахьуэ. Абы щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, и лIыгъэм, ауэ абы сыхьэм хуэдэу зэрыеIуящIэм топсэлъыхь.

Дауи, хьэщIэщым сыщIигъэтIысхьащ. Зы махуэ гуэрым абы сыхуэзащ, БетIал и хьыбар къригъэжьащ: «Мы унэр дыдейщ: ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и аспирантхэм я общежитщ. БетIал мыбы зыкъомрэ щIэсати, льэбакъуэкIэ зэ хьехакъым, еплIанэ этажым къыщегъэжьауэ дэкIуэпIэ Iэдийм тесу къэжьэхьащ фIэкIа, мы Iэдийкэр зэщIэскъыскъэу къэзыгъэнар БетIалщ», - жиIэурэ зыкъом игу кьигъэкIыжащ. Ар езыр куэд зи нэгу щIэкIа, Щуудзэ армэм парт къулыкъухэр щызеэзыха нэмыцэ фыз хахуэт...

«Зэман къыпхудэхуэмэ, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ университетым дохутыру щылажьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, дагъыстэн щIалэ бэлыхь Шахназаров Гаджи зыхуэгъазэ схущIэупщIэж», - жиIэри си пщэ кьрилъхьат БетIал. Я деж сыкIуэри, щымыIэу къыщIэкIащ, и щхьэгъусэ урыс цIыхубз зэкIэлъыкIуэмрэ абы и адэ лIы угъурлымрэ пщIэшхуэ кьысхуащIу срагъэблэгъащ. Гаджи къэгубзэрти, тIэкIу сежьэну къызэлъэIуахэщ. Ауэ сыхуэмызэу сыкъыщIэкIыжащ. Жащ дзэгъэкIри, пщэдджьыжым жьыуэ тезгъэзэжащ. Гаджи къыщIэкIащ, и щхьэр зыфIиудыжу: «Си напэр текIащ, сыт иджы БетIал жиIэнэр, сыт сщIэнэр? Алыхьым и хьэтыркIэ, мы дунейм зы Iэмал иIэмэ, утхуэмыхьэщIауэ уемыжьэж. Справкэ уэстынщ усымэджауэ», - жиIэрт.

И псалъитIым я зыр БетIалт, кIыхьу тепсэлъыхьыну зэман щыIэтэкъым, мафIэгур къыIукIыным къэнар мащIэт. ДыщызэбгъэдэкIыжым: «Сэ мыгувэу сынэкIуэнущ езы БетIал и деж, куэд щIауэ слъэгъуаекъыми, сигу къэкIащ. СыхуэзэщIу», - жи. Абы и псалъэр игъэпэжащ: а гъэмахуэ дыдэм БетIал деж къэкIуауэ Гаджи сыхуэзэгъащ.

А лъэхъэнэ дыдэхэм щыгъуэ Москва сыкъыщыхутауэ, сагъэщIыхуащ БетIал и аспирантэгъуу щыта дагъыстэн цIыхубз дахэкIей Коркмасовэ Кити, юридическэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Ростов юридическэ институтым илъэс куэд щIауэ щезыгъаджэр: «БетIал мы общежитым зэрыщIэкIыжу ди гъащIэм сабафэ кьытеуат, дигури ди псэри кьыщIэмыхьэж хъуат, абы гушыIэ куэд зэхьдигъэхащ, нэгъэужьыгъэуэ дыщигъэщIакъым, сут хуэдэ чэнджэщ дыхуейми, дыззжалIэр БетIалт. Сыту насыпышхуэ фIиэ ар зыхэт, ар зылъагъу фэ. Мы театрым БетIал къэкIуэрейт. Мы бухинистыр абы и ныбжьэгъут. Мыбдежхэр БетIал и зекIуаIэт», - жиIэурэ зыкъомрэ сыкъришэкIащ Кити, БетIал и хьыбархэр хуэмыхуэу. Ауэрэ Театрышхуэм дынос. Афишэм йоплъри, Гуно и оперэ «Фауст» зэрильагъуу: «Мефистофель и куплетхэр БетIал жиIэу зэхэсхыну фIэкIа нэгъэущI сыхуейтэкъым. Дунейр къэкъутэжу кьыпфигъэщIт абы ахэр щигъэзащIэкIэ. Оперэм и музыкэри псалъэхэри БетIал и дуней тетыкIэм, и хьэлым, и гупсысэкIэм ещхьт, псынэ къибыргъукIыу, укъыэзщIитэту, уигъэпIейтейуэ».

Лъэпкъ зэхэгъэж ищIыртэкъым

БетIАЛ зэрыадыгэм егъэлеяуэ ирипагэми иригушхуэми, абы лъэпкъ зэхэгъэж зэи ищIыртэкъым, зытепсэлъыхьыр абыхэм ядильагъу я фIыпIэхэрат. Езым и ныбжьэгъу пэж Iэджэ лъэпкъ куэдым яхэтт: Бычков Дмитрий, Зацепилин Георгий, ЛобжанидзеИраклий, Израилов Алексей, композитор Іуэзэджэ Шейблер Трубор сымэ.

КIуащ БетIал зэрыщымыIэжымкIэ къызэщхьэкIуэрт ар. Сыкъэумэзэжащ, сыкъызэфIэплащ, сыдыкъащ. Си пIэм сижьыхащ. Си жьэр зыщIэнащ. Телеграммэр сIыгъыу щызгъэзэжам, псори къызэщIэтэджащ. Я щхьэр кьыфIэхуауэ зэхэтщ. Институтым щIэсу хъуар ду жоуэ кьызэхуэсащ. Псори сэ кьыскъуогузавэ, кьысхуогуIэ. Си Iэр кьаубыд, БетIал зыщIыхуэхми и хьыбар зэхэзыхахэми гуауэшхуэр ягу зэрыщIыхьам, Кавказ псом и литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэщIыныгъэшхуэ зэрагъэтам тепсэлъыхьахэщ...

УсакIуэ уахътыншэ

БетIАЛ и щIалэгъуэм насып иIабгъум. Къуажэ школым щыщIэсам къыщыщIэдзауэ кулакыкъуэ цIэр теIукIри, и гур иудауэ, зыхэтхэми зыкъыпIыуадзу, и ныбжькIи, и фащэкIи щэджэладжэу къэкIуэкIащ. Институтым щIэтIысхьэри - аргуэрыжьт. ЩIэныгъэм зэрыхуэпабгъэмрэ и акъыл жанымрэ, нэхущ бзуэ зышэм къыхуигъэщIауэ къызэрытIэпIым зи ахърэтыр нэху хъун ЩодджэнцIыкIу Алий гу лъимытамэ, зэреджэну илъэсиплым къриубыдэ щIалэгъуэри гуфIэгъуэншэу екIуэкIыну къыщIэкIынт. Еджэныр кьеухри, си гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэу езыхьэкI БетIал и щхьэр лъахэм ирех: щIым и гъунэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэм лэжьакIуэу къыщохутэ, нэса-нэмысауэ Хэку зауэшхуэр къохъей. Зэрыпхъуакlуэхэм япэщIэува дзэ пэрытхэм яхэту ар зауэм Iуохьэ. Офицеру лIыхъужьыгъэу зэрихьам и щыхьэту орден зыщIплIрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу абы щалъхуа щыпIэм къеГъооэж, и щIалэгъуэ къэнэжари зауэм ихьауэ. И щхьэ Iэуху зэрыдэкIын яужь имытыщэу, и пщэ къыдалъхьэр и хьэлъэу, ар аргуэру Iэнатlэ пэроувэжри, гъащIэми цIыхуми защимыгъэнщIу, си щIалэгъуэм сымыльагъуар иджы иризгъэкъужынщ, си творчествэми иджы нэхъ хуиту пысщэнщ жиIэу и псэм пищI и льэпкъэгъуэхэм яхоувэж. Арщхьэкlэ, зыщIэхъуэпсахэм я гъунэ ирилъа къудейуэ, цIыху цIыкIум яфIэгуузрэ дыщIыхьэным хуэдэу ар лъэпкъым Iэщlэкlащ. Ауэ щытхэкlар нобэ хуэдэу, ди гум илъщ, и Iэхущlафэ гъуэзэджэхэм дроплагэ, дрогушхуэ, и лIыгъэр, и адыгагъэр ди гъуэзэщ. Сэ сыкърихьэлIэжакъым. Бетал и хьэдащIэлъхьэм. А нэщхьеягъуэм хэтахэм къызэраIуэтэжмкIэ, абы и хьэдащхьэр ягъэлъэпIащ усакIуэм и Iэдакъэщlэкlэхэм пщIэшхуэ хуэзыщI цIыху мин бжьгъэм. А зэманым КПСС-м и ЦК-м Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и академием щеджэу щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр. Республикэм и архив хъуапIэхэм нобэр къыздэсым щIэлъщ щIэныгъэлым нигъэсыну зыхуэмыса и лэжьыгъэхэр.

Багъы Пётр Мацэ и къуэр 1929 гъэм мазаем и 23-м Къуэлъкъужьи Ищхъэрэм къыщалъхуащ, адыгэ бзэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщIа щIэныгъэлIхэм ящщ. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, 1947 гъэм ар щIэтIысхьащ Тбилиси дэт университетым филологиемкIэ и факультетым и кавказ хъудамэм. Ар къиухыу 1953 гъэм къигъэзэжа нэужь, Багъыр КъБР-м радиоинформациемкIэ и комитетым илъэс зыбжанэкIэ журналисту щылэжьащ. А илъэс дыдэм щеГъэжьауэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым тхыдэр, филологиер, экономикэр щадж къудамэм и щIэныгъэрылажьэу, итIанэ и унафэщIу ягъэуващ.

Тбилиси аспирантурэр къыщиуха нэужь, Багъым Псыжьрэ Инжьыджрэ деж щылэжьауэ адыгэбзэм теухуа и диссертацэр пхигъэкIащ икIи илъэс 300-м щIигъукIэ здэщыIэ институтым и бзэ щIэныгъэ къудамэм щылэжьащ.

Багъым зэрихьащ «КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр. Республикэм и архив хъуапIэхэм нобэр къыздэсым щIэлъщ щIэныгъэлым нигъэсыну зыхуэмыса и лэжьыгъэхэр.

КIэухыр. ПэщIэдзэр №108-м итщ.).

- Сэ си хэщI зыгуэр изгъэсын хуейкъэ? Уэ си лъакъуэхэм ахуэзыгъэжьы-фынукъым, си Наташэ дахэшхуэ.

Зыгуэрхэм тепсэлъыхьурэ, музыкэ Iэхуми нэсахэщ. Вано формалистхэм хабжэу зэрыракъухьам и хьыбар ищIыжурэ, «джэдылIэм здихьа бабыщ» жыхуаIэм хуэдэу, Дагъыстэным къыщыхъуауэ щыта гуэри ягу къагъэкIыжри, куэдрэ иридыкъэшхащ. Мырат ар зытеухуар. Мурадели и гупыр ядынща нэужь, Москва щызэхэуха лIыкIуэхэр зэбгроклыж. Щхьэж и лъахэ щызэхуашэсащ композитору, музыкэр зи Iэщlагъэу, фольклористу, тхыпIэ ямыщIэми, лIыжь-фызыжь уэрэдусу, уэрэджыIакIуэу щIыпIэм щыпсэухэр. Къулыкъушхуэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу Батырмурзаев гуэр пэщыр иричу Дагъыстэным къыщыпсэлъащ «Фыформалистщ, фыадрейщ-фымодрейщ», - жиIэурэ. ЩIэсхэр шынаэ, щыму едаIуэрт. ЩIагъэкъуанщэри къагурымыIуэу къызэхуэсахэм зыкъомрэ ятецIыбыхьа нэужь: «Хэт сыт щIэупщIэну?» - зэпигъауащ и хьущIэныр Батырмурзаевым. Вы цIыкIу бжьакъуэшхуэ жыхуаIэм хуэдэу, бухъар пыIэ лъагэшхуэ щхьэрыгъуэ зы лIыжь цIыкIу, тIэкIу и гур къызэрыгъуэтыжри, зыкъыIэтащ:

- Товарищ Батырмурзаев, ми дажи нотI ни знайм, какой ми пармалист? - жиIэри.

Ванорэ БетIалрэ я гур хэхъуэу зридыхьэшхыжыр арат. А зманхэм цIыхухэр нэхъыбэу щIагъэкъуанщэр къемызэгъ гуэр ящIауэ е ящIэу аратэкъым, а лIыжь цIыкIум и псалъэхэми ар наIуэу къыхэщат, формалистыр хэтми къуагъащIэу.

БетIали дуейм зэрехькрэ куэд дэмыкIауэ Мурадели махуэшхуэ хуэIуэхуэщIэхэм ящыщ гуэрым теухуауэ ди республикэм кърагъэблэгъат. Шокъущ жоуэ абы уэрамым сыщыхуэзащ. БетIал и фэ есплъыртри, сыблэкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым - сыкъоувыIэ. Езыри къонэщхъей: «Ди деж сыщыщIэми, псом хуэмыдэу мыбы сыкъэкIуа нэужь, БетIал-джан зы дакъикъэ си гум схуигъэхуркъым. ИкъыкIэ сыхуэныкъуэщ сэ абы и напэлъагъум... Си Iэхуэхэр псынщIэу зэфIэзэгъэкIынурэ, сыкIуэжынущ». ИкIи кIуэжащ, афIэкIаи къигъэзэжакъым - куэд мыщIэу кIэлъыкIуэжащ фIыуэ илъагъу и БетIал-джан.

Нэхъыжьхэм ноби-ныжэби ящымыгъупщжауэ фIыкIэ ягу кьинащ КПСС-м и обкомым и апэ секретару ди республикэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа Бабич Василий. ЛIы бжьыфIэт, цIыхум защимыгъэпщкIуу, я Iэхуу дигъэкIыу, я гуауи я гуапи ирахьэлIэу. И къулыкъум хуэфащэн акъыл зыбгъэдэлъ унафэщIт, литературэм, искусствэм, щIэныгъэм я лжьакIуэхэм и нэIэ ятет зэпытт, хэхауэ БетIал фIыуэ кьилъагъурт.

А зэманым хабзэу щытащ Май махуэшхуэм къыкIэлъыкIуэ етIуанэ махуэм нэжэгужагъэ ин яхэлъу къалэдзэхэм ди парк хьэлэмэтым зыщагъэпсэхуу, жыг щIагъэхэм щIэзу щIэсу, щешхэ-щефэу, джэгу, уэрэд жаIэу. Къэбэрдей къэбар щIэщIыкъу пшынауэ Iэзэ Къашырзэ КIурацэ, БетIал и щхьэгъусэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Верэ, къуажэм къикIа сымыщIыкъу зы нэхъыжь, сэри сракIэрыдзэну, «Эльбрус» ресторанэр зэдэщытым пэмыжыжьэу удзыпцIэм дыхэст, тхьэрыкъуэф Iэнэ зэгъэпэща дыбгъэдэсу. Дыпсалъэ-дыгушыIэу дыздэщысым, «Бабич къокIуэ», - жиIащ зыгуэрым. Дыплъэмэ, лъэс лъагъуэ цIыкIум тету, Бабичрэ и щхьэгъусэмрэ къакIуэрт. Къоблэгъапэхэри: «Сынывохъуэхъу, БетIал, МахуэшхуэмкIэ», - жи. «Ахуэдэу хъурэ, хьеблагъэ! КъэтIыс!» - пожьэ абы КIуащIр. «Арауэ къыщIэкIынщ нэхъыфIри», - жеIэри Василий Ивановичи къыбгъэдохьэ. Сэлам кьурихыну и Iэр къыщишийм, стэканым кьепкIэу ирагъэхъуа бжьэр БетIал хьэщIэм Iэщlигъэувам.

- ЯпэщIыкIэ гуп махуэбжьэм уефэн хуейщ, Василий Иванович. Аращ ди адыгэ Iэнэм деж щыхабзэр.

- Мыр хъункъым, БетIал, - къоуIабжь Бабич.

- Мыхъунур уемыфэмэщ, - жи БетIал.

Сыт ищIэн? ИгъэщIейри ткIупс кьуринакъым. ИтIанэ, сэлам-чэламыр зэфIэкIа нэужь, аргуэру бжьэр ирагъахъуэри, БетIал хуэгъэзауэ КIурацэ псалъэ гуапэ жиIащ.

- НтIэ, КIурацэ, дефауэ дыкъэмыфэу дауэ хъун? - жи хьэщIэм.

Пшынэр зэрыльэлърэ лъэр щIэзыгъэкI кьафэм къыщеуэм, Бабич Верэ къыдеш. Фэеплъу кьратарэ зэззмызэ фIэкIа зыщъхэримытIагъэу БетIал бухъар пыIэшхуэ иIэт. Ар зыщхьэрехри, хьэщIэм щхьэрекъуэ - лIыр щхьэпцIэу къафэ хабзэкъым.

- Уэри ущымыту, мор къэгъафэ, - жери, Бабич и щхьэгъусэр КIуащым ирегъэлъагъу.

- Сэ сыкъэфэфырыкъым! - жиIэурэ фызыр Iуож. БетIал ещIэкъуауэу абы кIэлъожэ. КIурацэ и пшынэр мэбзэрабзэ, къэфэкIэ имыщIэми, пшынэм зыдригъэкIу щыкIэу, Бабич зеIуантIэзешантIэри, утыкум итщ, а Iэшэлъашэм щыхсэм БетIал и хьэщIэм Iэгур тракъутэ, ихъуреягъыр къагъэпсалъэу.

- Хъунщ ар, БетIал. Ди нэгу зевгъэужьащ, фIыщIэшхуэ фхуэощ, зывгъэпсэху, фыщыс, фыджэгу, уэ къэблэжьауэ пхуэфащэщ мыпхуэдэ нэгуэшыжьхэр, уи гуащIэ хэпъщ ди щIыхукъэхэм я гуфIэгъуэм, - жиIэщ, БетIал Iэплъэ къуришэкIщ, ба къыхуищыжри IукIыжат обкомым и апэ секретарыр.

Кларэ Генриховнэ Iуэхутхьэбзэ къысхуещIэ

КуэДЫМ къалъымысу щыта апхуэдэпщIэр КIуащ БетIал кьилъэжьырт и дуней тетыкIэхэмкIи и творчествэ лъэщыкIи. А фIыгъуэхэм дэри дыхэныбртэкъым.

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва командировкэ сыкIуэн хуей хъуауэ, БетIал сыхуозэри жызоIэ. «УэдыщlэтIысхьэн хьэщIэщ умыгъуэту кьалэм уэкъыдэнэмэ, Горькэм и уэрамым тетщ ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и хьэщIэщ. Абы екIуалIэ. УщIамыгъэтIысхьэмэ, директор Кларэ Генриховнэ деж щIыхьи, сэ уэзрызгъэкIуар жеIэ. Сэламаи схуехьы», - къызжеIэ БетIал. Арати, сынэса нэужь, нэгъэущI сыхэмыту, унэр къэзгъуэтащ. СыздыщIыхьа хьэщIэщым, бгъэдыхьэпIэ имыIэу, администраторым и пэшыр цIыхухэм къаувыхьат, директорым и бжэми зыкъом Iутт. А псор щысльагъум, сызэрыгутъэшхуэ щымыIэу, Кларэ Генриховнэ деж зыщIэзгъэхуащ. Ауэ и жьжьэрэ гъунэгъуу сызэтригъэхьакъым.

- Сэ БетIал сыкъигъэкIуат, сэламаи къыуихыжащ абы, - щыжеIэм, бысымыт и нэгум зыщIэщIехуж. БетIал къыщIоупщIэ. Сэри абы жагъуэу сыкъызэримыльагъум нэхъри тызокъуэз. Езыми БетIал и хьэлхэм, и щэнхэм теухуауэ зыкъом къызжеIэ. «Ох, этот Бетал, ох, этот Бетал», - жиIэурэ и щхьэр егъэкIрахьуэ. Абы щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, и лIыгъэм, ауэ зыкъом хуэдэу зэхьдигъэхащ, нэгъэужьыгъэуэ дыщигъэщIакъым, сут хуэдэ чэнджэщ дыхуейми, дыззжалIэр БетIалт. Сыту насыпышхуэ фIиэ ар зыхэт, ар зылъагъу фэ. Мы театрым БетIал къэкIуэрейт. Мы бухинистыр абы и ныбжьэгъут. Мыбдежхэр БетIал и зекIуаIэт», - жиIэурэ зыкъомрэ сыкъришэкIащ Кити, БетIал и хьыбархэр хуэмыхуэу. Ауэрэ Театрышхуэм дынос. Афишэм йоплъри, Гуно и оперэ «Фауст» зэрильагъуу: «Мефистофель и куплетхэр БетIал жиIэу зэхэсхыну фIэкIа нэгъэущI сыхуейтэкъым. Дунейр къэкъутэжу кьыпфигъэщIт абы ахэр щигъэзащIэкIэ. Оперэм и музыкэри псалъэхэри БетIал и дуней тетыкIэм, и хьэлым, и гупсысэкIэм ещхьт, псынэ къибыргъукIыу, укъыэзщIитэту, уигъэпIейтейуэ».

Лъэпкъ зэхэгъэж ищIыртэкъым

БетIАЛ зэрыадыгэм егъэлеяуэ ирипагэми иригушхуэми, абы лъэпкъ зэхэгъэж зэи ищIыртэкъым, зытепсэлъыхьыр абыхэм ядильагъу я фIыпIэхэрат. Езым и ныбжьэгъу пэж Iэджэ лъэпкъ куэдым яхэтт: Бычков Дмитрий, Зацепилин Георгий, ЛобжанидзеИраклий, Израилов Алексей, композитор Іуэзэджэ Шейблер Трубор сымэ.

КIуащ БетIал зэрыщымыIэжымкIэ къызэщхьэкIуэрт ар. Сыкъэумэзэжащ, сыкъызэфIэплащ, сыдыкъащ. Си пIэм сижьыхащ. Си жьэр зыщIэнащ. Телеграммэр сIыгъыу щызгъэзэжам, псори къызэщIэтэджащ. Я щхьэр кьыфIэхуауэ зэхэтщ. Институтым щIэсу хъуар ду жоуэ кьызэхуэсащ. Псори сэ кьыскъуогузавэ, кьысхуогуIэ. Си Iэр кьаубыд, БетIал зыщIыхуэхми и хьыбар зэхэзыхахэми гуауэшхуэр ягу зэрыщIыхьам, Кавказ псом и литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэщIыныгъэшхуэ зэрагъэтам тепсэлъыхьахэщ...

УсакIуэ уахътыншэ

БетIАЛ и щIалэгъуэм насып иIабгъум. Къуажэ школым щыщIэсам къыщыщIэдзауэ кулакыкъуэ цIэр теIукIри, и гур иудауэ, зыхэтхэми зыкъыпIыуадзу, и ныбжькIи, и фащэкIи щэджэладжэу къэкIуэкIащ. Институтым щIэтIысхьэри - аргуэрыжьт. ЩIэныгъэм зэрыхуэпабгъэмрэ и акъыл жанымрэ, нэхущ бзуэ зышэм къыхуигъэщIауэ къызэрытIэпIым зи ахърэтыр нэху хъун ЩодджэнцIыкIу Алий гу лъимытамэ, зэреджэну илъэсиплым къриубыдэ щIалэгъуэри гуфIэгъуэншэу екIуэкIыну къыщIэкIынт. Еджэныр кьеухри, си гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэу езыхьэкI БетIал и щхьэр лъахэм ирех: щIым и гъунэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэм лэжьакIуэу къыщохутэ, нэса-нэмысауэ Хэку зауэшхуэр къохъей. Зэрыпхъуакlуэхэм япэщIэува дзэ пэрытхэм яхэту ар зауэм Iуохьэ. Офицеру лIыхъужьыгъэу зэрихьам и щыхьэту орден зыщIплIрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу абы щалъхуа щыпIэм къеГъооэж, и щIалэгъуэ къэнэжари зауэм ихьауэ. И щхьэ Iэуху зэрыдэкIын яужь имытыщэу, и пщэ къыдалъхьэр и хьэлъэу, ар аргуэру Iэнатlэ пэроувэжри, гъащIэми цIыхуми защимыгъэнщIу, си щIалэгъуэм сымыльагъуар иджы ириз гъэкъужынщ, си творчествэми иджы нэхъ хуиту пысщэнщ жиIэу и псэм пищI и льэпкъэгъуэхэм яхоувэж. Арщхьэкlэ, зыщIэхъуэпсахэм я гъунэ ирилъа къудейуэ, цIыху цIыкIум яфIэгуузрэ дыщIыхьэным хуэдэу ар лъэпкъым Iэщlэкlащ. Ауэ щытхэкlар нобэ хуэдэу, ди гум илъщ, и Iэхущlафэ гъуэзэджэхэм дроплагэ, дрогушхуэ, и лIыгъэр, и адыгагъэр ди гъуэзэщ. Сэ сыкърихьэлIэжакъым. Бетал и хьэдащIэлъхьэм. А нэщхьеягъуэм хэтахэм къызэраIуэтэжмкIэ, абы и хьэдащхьэр ягъэлъэпIащ усакIуэм и Iэдакъэщlэкlэхэм пщIэшхуэ хуэзыщI цIыху мин бжьгъэм. А зэманым КПСС-м и ЦК-м Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и академием щеджэу щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр. Республикэм и архив хъуапIэхэм нобэ

Дыщэ джэдыкІэ

Хъыбар

Зы лІыжьрэ зы фызыжь цІыкІурэ псэурт. Зы джэд закъуэ яІэти, яукІыжьын щыхъуи, джэдыр кІэцІри, дыщэ джэдыкІэ къикІэцІащ.

- Джэдыр думыгъэукІыж, - жаІащ лІыжь цІыкІумрэ фызыжь цІыкІумрэ. - Пщэдеи кІэцІмэ, дыщэ джэдыкІэ къытхуикІэцІынщ.

ЕтІуанэ махуэм джэдыр ягъэтхыжакъым - дэкІри бзэхащ.

- Джэдыр къэзмыгъэутыжаку сыкъекІуэлІэжьынкъым, - жери лІыжь цІыкІур ежьащ.

КІуэм-лъэм, кІуэм-лъэурэ, ныуэжь гуэр деж екІуэлІащ.

- Дыщэ джэдыкІэ къикІэцІу зы джэд закъуэ диІэти, пщІантІэм къыдэкІри кІуэдащи, абы сриІыхъуакІуэщ, хэпщІыкІІамэ, къызжеІэ, - жиІащ лІыжь цІыкІум.

- Джэдыр сльэгъуакъым, - жиІащ ныуэжьым, - джэдыр щыпфІэкІуэдакІэ, зыш уэстынщи, ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкІэрыщэщынущ.

- Сыбгъэунащ! - шыр Іэдэжу къуршажьэри, лІыжь цІыкІуу къежьэжащ.

КъыщыкІужьым къуажэ гуэр къыдыхьащ, зыгуэрым и куэбжэпэ цІыху Іув щызэхэтти, ябгъэдыхьэри яжриІащ:

- Мы шыр ауэ сытми шыкъым. Ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкІэрощэщ.

Куэбжэпэм щызэхэтхэм ауан къащІащ лІыжь цІыкІур, «уэ-хьэ-хьэхь!» жари къыщыдыхьэшхащ. «Уэ-хьэ-хьэхь!» жаІэу щыщыщым, лІыжь цІыкІум и шым шхыныр къыкІэрыщэщу щИдзэри, пщІантІэм дзэ хъуащ, жылэр къызэхуэжэри етІысхьІащ.

- Дыбгъэунащ! - жари хъэщІэщым ирашащ, ягъэхьэщІэху ныуэжьым кърита шыр Іуашри, нэгъуэщІ зыш къыхуагъэуващ. Ар Іэдэж ищІри, къежьэжащ лІыжь цІыкІур.

- Джэдым дыпыкІащ, - жриІащ фызыжь цІыкІум, унэм ихьэжри, - ныуэжь гуэр срихьэлІати, мы шыр къызитащ, ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкІэрыщэщынущ.

Фызыжь цІыкІур гуфІэри щыщащ, арщхьэкІэ шым зыри къыкІэрыщэщакъым.

- СыкъэбгъэпцІащ, - жери лІыжь цІыкІум шыр ныуэм хуиІэжащ.

- УкъэзгъэпцІакъым, - къыжриІащ ныуэжьым. - Зы бжэн уэстынщ иджыри. «МаІ!» жыпІэмэ, дыщэ къыжьэдэлъэлъэныщ бжэным.

Бжэным и бжьэм кІапсэ ирищІэри, къежьэжащ лІыжь цІыкІур, шыр щысфІадыгъуэ къуажэм къэсри дыхьащ.

- «МаІ!» жыфІэмэ, си бжэным дыщэ къыжьэдэлъэныкъуе, - яжриІащ, жылэр къыщысхьэхуэжьэсым.

- Мы лІыжь цІыкІум жиІэр пэжщ, - жари хъэщІэщым ирашащ, ягъэхьэщІэ защІри, и бжэным фІадыгъуащ, къэщІрагъэжьэжьым нэгъуэщІ зы бжэн кърататщ. Кърат къилъэфри, лІыжь цІыкІур и унэ ихьэжащ.

- Фызыжь, арджэн гъэтІылъи, «ма-а-аІ!» жыІэ, мы бжэным дыщэ къыжьэдэлъэныщ, - жиІащ лІыжь цІыкІум.

Фызыжь цІыкІум «маІ!» жиІа щхьэкІэ, бжэным дыщэ къыжьэдэлъэлъэкъым.

- Мы ныуэм щхьэ сыкъигъапцІэрэ? - лІыжь цІыкІум бжэныр ныуэм хуишэжащ.

- УкъэзгъэпцІакъым, - къыжриІащ ныуэм. - Ауэ щыхъуакІэ, мы башыр уэот, зыгуэрым уеуэн хъумэ, «домдом!» жыІи, уэ бгъэувыІэжьхуу увыІэнукъым.

Башыр къиштэри къежьэжащ лІыжь цІыкІур. Шымрэ бжэнымрэ щыфІадыгъуа къуажэм къэсри дыхьащ, жылэр къызэхуэжэсати, яжриІащ:

- «Дом-дом!» - жывмыІэ. «Дом-дом!» жыфІэмэ, мы башым фи щхьэр кърикъутэхынущ.

Ар я фІэщ къуакъым жылэм. Ауан къащІщ, къыщыдыхьэшхри:

- «Дом-дом!» щыжаІэм, башыр лъэйри, жылэр зэтриукІуу щИдзащ.

Башыр щымыувыІэжьыхэм, жылэр къелъэІуащ: - Уишри уи бжэнри уэттыжынщ, мы башыр гъэувыІэж, - жари.

Шыри бжэнри къратыжащ, лІыжь цІыкІур и унэ ихьэжри, тхъэжу псэу хъуащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетым къыхуеблэгъащ КъБР-м и цІыхубэ художник КІыщ Мухьэдин. Абы егъэлъапІэ сурэтыщІ ныбжьыщІэ Мэлбахъуэ Мадинэ. *2002 гъэ*

● Псалъэ шэрыуэхэр

Емыса лэгъупэжь хъурэ?

Дзы зиІэ и нэІэ щІэтщ.

Зытешыныхь гуэр зиІэ цІыхур бэлэрыгъыркъым: абы а зытешыныхь дыдэр псоми я Іуэхуу къыщохъу.

Емыса лэгъупэжь хъурэ?

Іэнатіэ, Іуэхугъуэ гуэрым къигъэувыр ягъэзащІэу зэремысар, абыхэм зэрыхуэмышэрыуэр жаІэну щыхуейм и деж къапсэлъ хабзэщ.

Жыгыжьыр иту, жыгыщІэр йобэт.

«ПІэныгъэр жьыгъэ-щІагъэкъым» жыхуиІэщ: жыжьыгъэр шабэ нэхъ щэрыуэщ, шабэ нэхъ жьабэ нэхъ губзыгъэщ.

Мы псалъэжьым къикІыр, дэ къызэрыдгурыІуэмкІэ, узытепльар къебгъэспсыхьфу щэрыуэ ухъун папщІэ, псалъэкъым узыхуейр - атІэ нэщанэ уеуэурэ зэрызебгъэсэн, шэ кУэду уиІэн зэрыхуейр. Ауэ сыт хуэдизкІэ лъащу цІыхур щэрыуэми, абы и Іущагъыр къэзыгъэлъагъуэр къыжьэдэжІ псалъэрщ.

Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ.

ЦІыхум зы тІэкІукІэ и гуапэ пхуэщІынущ, зы тІэкІукІи и жагъуэ пхуэщІынущ.

ПащІэм къимыхьар жьакІэм къихьыжьыркъым.

УщыщІалэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэлъжьыжьнукъым.

Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ.

Щхьэж езыр зэрыс, зыпыщІа щІыпІэм, абы къыщыхъу-къыщыщІэхэм нэхъ щыгъуазэщ, а щІыпІэм щымыпсэухэм е пэІэщІэу псэухэм нэхъ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Фигу къыдогъэкІыж

Іэщэ лІэужьыгъуэхэр

Жьы хъуа псалъэхэм я щапхъэу фигу къыдогъэкІыж пасэ зэманым щыІа Іэщэ лІэужьыгъуэхэм я фІэщыгъэцІэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр:

сагъындакъ - колчан

шабзэ - лук

мыжурэ - штык.

ИджыкІэ къэдмыгъэсэбэныж хъуауэ, щтаучкІэ, гынкІэ ягъауэу щыта Іэщэ лІэужьыгъуэхэр:

ержьыб

къалгъэжь

къарэдае

къэуал

крымщокъал

къуэдас

пхэней Хьэжмэстафэ

щэмпІэуал

къантэлоуэжь.

● Шхыныгъуэхэр

Мэлыл пшэр гъэбэкхъа, кІэртІоф щІэлъу

Лы цІынэр ятхъащІ, къупщхьэ хэлъмэ, г 20-25 хьуурэ цІыкІу-цІыкІуу зэпыуд, псы щІыІэ щІакІэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепІауэ ягъавэ. Зэ къытекъуэлъамэ, мафІэр цІыкІу ящІ, и щхьэр тепІауэ ныкъуэвэ хъуху - дакъикъэ 40-кІэ трагъэт. ИтІанэ лэпсыр къыщІагъэж, шыуанэр мафІэм трагъуэвэжри, щэр нэхъ псынщІэу ткІун щхьэкІэ зэІащІэуурэ дакъикъи 10-12-кІэ ягъажьэ. Дагъэр къыщІидзауэ лыр тхъуэлъпІ щыхъуи, мыщІыкІу дыдэу упщІэта бжьын, щыбжий пПыжьэ сыр хьэжа халъхьэ, лыбжьэн щхьэкІэ и лъабжьэм ягъакІуэурэ икІи мэ дахэ къыхихыу щІидзэху, дакъикъи 5-7-кІэ, ягъажьэ. Грамми 10 хуэдизурэ упщІэта кІэртІофыр халъхьэри, и лъабжьэм ягъакІуэ, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 5-6-кІэ ягъажьэ. ИтІанэ къыщІагъэжа лэпсыр щІакІэжри, зэІамыщІэу, и щхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкІэ, ягъэбжкъ. МафІэм къытрахыж, джэдгъын хадэри, и щхьэр тепІауэ тІэкІуэрэ щагъэт. Пщтыру тепщэным иралъхьэри, Іэнэм трагъэувэ. ПІастэ, чыржьи, щІакхъуэ, мэжаджэ дашх.

Халъхьэжэр (цІыхуитІ Іыхьэ): мэлылу - г 300, псыуэ - г 400, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40, кІэртІоф укъэбзауэ - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Мэжаджэ щІакхъуэ, пщагъэ хэлъу

Нартыху хьэжьыгъэ ухуэнщІар тепщэчышхуэм ираКІутэри, псы шыуа къэкъуэлъакІэ ятщ, бэлагьКІэ зэІащІэурэ. Ар и пщтырагъыр градус 30-35-м нэсыху ягъэупщІыІури, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпцІым пщагъэри шыгъури хагъэткІухьри, нартыху хьэжьыгъэ тхъэв пщам хакІэж. Гуэдз хьэжьыгъэ хакІутэри, тхъэвыр зэхэзэрыхьхухуКІэ ІэкІэ ятщ, хьыдан трапхъуэри, сыхьэтипІісыхьэтитхуКІэ хуабапІэм щагъэтщ, къэтэджьн щхьэкІэ. Хьэзыр хуа тхъэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитІым къыфІэкІыу иралъхьэ, тхъэвыщхьэр захуэ ящІ, тебащхьэр трапІэжри, абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракІутэ, мафІэ дэпхэр тратхъуэжри, хьэзыр хуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкІэ. Мэжаджэ щІакхъуэр хуабэу Іэнэм трагъэувэ. Шатэ, шыу дашх, къалмыкъ шей докІу.

Халъхьэжэр: нартыху хьэжьыгъэу - грамм 700, гуэдз хьэжьыгъэу - грамм 300, псыуэ - грамм 400, пщагъэу - грамм 60, тебэщыхуэу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Къуажэхьхэр

Бгъэлъеймэ, далъэ, бгъэтІылъмэ, даІуэ

ЖЭУАПХЭР:

Мадинэ. Бжэн. ПІэнэхуий. Быуэ. Арыхьчыт (цІамплІэр). ПІэхъанэнхуэрэ.

Зи щІыб жьыбгъалъэу, зи лъэр кІэрахъуэ.

Зи бжьэ дыгъэрыгъу, зи кІэ мыгъуэІус, хьэдэІус хамылъхьэ.

Жыг зылъахъэу лъахъэбжьэншэ.

Мэзым къыщрабзэу, бзэмыІум къыхуахь.

Бгъэлъеймэ, далъэ, бгъэтІылъмэ, даІуэ.

ПщІантІэдэт Іэпхъуамбабэ.

Бгъэлъеймэ, далъэ, бгъэтІылъмэ, даІуэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **6**. Зи суд ящІэм къыщхьэщыж цІыху. **7**. Гъуэгум иІэ кумблъэмбхэр. **9**. Уеплъмэ, - ..., уеджэмэ - дэгу. **11**. ПщІыхьэпІэ зылъэгъуам иІуэтэжмэ, жраІэ: « ... ухъу!» **12**. Танэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **14**. ЛІы и къуэгъуящІэм къыщхьэщыж цІыху. **17**. Куэд, зыкъом. **18**. ТхъуцІынэ щІэпхумэ, къанэ псыр. **19**. ПхъэхэкІыр зыхуей хуэзыгъазэ ІэщІагъэлІ. **21**. Къурш лъэныкъуэмкІэ къриху жьы щыІэтыІэ. **23**. Макъымэ Іэмэпсымэ. **27**. ШтаучкІэ ягъауэ пасэрей фоч. **28**. Сыринэ. Е ГАИ-м и лэжьакІуэм иІыгъ хьэпшып цІыкІу. **31**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ. **32**. Хадзэкі. **33**. Таурыхъхэм зэращирихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **36**. Дунейм ехьжам ефэндым ... трищІащ. **39**. ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **41**. Дыгъэ къыщІэкІыгъуэм уафэм къищІ плъыжьыгъэ. **42**. Уафэм къех псыІагъэ. **43**. ... зиІэм кІэи иІэщ. **44**. ПкІэлъейм и ... **46**. ЩІымахуэм Іэщым хуагъэтІылъ шхыныгъуэ. **47**. Мэш хьэуазэ. **48**. Хьэлыуэ ... е Іэгум ихуэну зы тыкъыр гуэр. **49**. Жыг зытеуэри мэгурым, ... зытехуэри мэгурым.

Къехыу: **1**. Лэскэн куейм щыщ къуажэ. **2**. ЩІым гъуэ куу щызыщІ, хьэпІацІэ, хьэмбылу хуэдэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цІыкІу. **3**. ПщІэшхуэ зиІэ цІыхум хужаІэ псалъэ дыгъэл. **4**. ... - абхъаз зауэм адыгэ щІалэхэм лІыгъэ щызэрахьащ. **5**. Хамэ хъэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу, кинорежиссёр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **8**. Хадзэм зэрилэжьыхь Іэмэпсымэ. **10**. Гъатхэм пасэу ди щІыпІэм къэльэтэж къуалэбзу. **13**. ... пыІэ. **14**. Іэзэ къашэри, ... ирищІщ. **20**. Язныкьэу къуажэдэсхэм я фІэІугъэр щІылажьэм абы щхьэхуиІэ. **22**. Биим и Іэщэ-фащэу, и хьугъуэфІыгъуэу текІуахэм къаІэщІыхьа мыдрыс. **24**. Гурыхь. Е фэфІ дыдэ зытет цІыху. **25**. Куэдрэ щыта махъсымэр зэрытам и щІэм къыщІонэ. **26**. Жэм лъакъуэ ... иукІрэ? **29**. Дохутырхэм къагъэсебэп хьэмбылу лъэпкъ. **30**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и председателу, иужькІэ Урысей Федерацэм и Къэзэкъ палатэм и япэ унафэщІу щыта. **34**. ... зимыІэм дажэпкъ иІэщ. **35**. КъулыкъущІэшхуэм и Іэнатіэр ... хэхьилІэ ищІащ. **37**. Тырку империем нэхъапэм зэреджэу щыта. Е цІыхухъуІэ. **38**. Мэлыхъуэхэм я тхъэмадэ. **40**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Шэджыхьэщхьэ ... **43**. Зыгуэрым и Іыхьэ тІэкІу. Е щІы ... **45**. Язныкьэу щыгъынхэм я лъабжьэ, я нэз.

Зэхэзылъхьар

МЫЗ Ахьмэдщ.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыщ Къуэщ1ысокъуэ Саидэ Рустам и пхъур мы гъэм курыт еджапІэм зэрыщІэтІысхьамкІэ дохъуэхъу

ФІыщэу тлъагъу ди пщащэ Саидэ цІыкІу, щІэныгъэм и дунейм ялэ лъэбакъуэхэр хэпчащи, абы и щыгум гугъуехьыншэу удэкІыну, ехъулІэныгъэхэр уиІэну, дунейр уи щІэщыгъуэу, уІущрэ узыхущыщІэ щымыІэу, адэшхуэ-анэшхуэр, адэ-анэр, къыбдалъхуахэр бгъэгуфІэрэ псори уи зэфІэкІым дригушхуэу, узыхьхьэм уефІэкІыу, насып, узынщагъэ уи башэу гъащІэ дахэ Тхьэм къыпхуэзпищэ!

Уи адэшхуэ-анэшхуэхэу Къуэщ1ысокъуэхэ Хьэлийрэ Мадинэрэ, уи адэ-анэр, уи шыпхъу Раминэ, уи адэкъуэшхэр, уи нысэхэр.

● Псалъэжьхэр

Нэм псэр зыщІешэ

♦**Жьы зэрымысым нэмыс илъхъым, щІэ зэрымысым насып илъхъым.**
♦**Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ.**
♦**Къакіуэ псори благъэщ.**
♦**Закъуэныгъэ нэхърэ Іэл къыбдис.**
♦**Унагъуэ зиІэм унагъуэ и пІалъэ ещІэ.**
♦**Ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къулеигъэм нэхъри нэхъ лъапІэщ.**
♦**ЗэгурыІуэ здэщыІэм берычэти щыІэщ.**
♦**Гъуэгу нашэкъашэм жьыжь унигъэсынукъым.**
♦**Ущизакъуэм и деж гъуэгури кІыхьщ.**
♦**Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къехыркъым, нэщхъеягъуэ зыщІэмылъ нэхэм нэпс кІащІэкІыркъым.**
♦**Дэтхэнэ цІыху Іущри къызэрыгугъэщІщ.**
♦**Куэдыр пудщ, мащІэр лъапІэщ.**
♦**ЩІакхъуэр пудщ, ахъшэ ущиІэм деж.**
♦**Жьыгыр псынщІэу хасэ щхьэкІэ, къыпыкІэнум куэдрэ йожьэ.**
♦**ХьэщІэм пщІэ хуэзыщІ бысымым и щІыхьыр инщ.**
♦**Зэдэшхэ Іэфіщи, зэдэфІ унэщ.**
♦**Хамэм хуэумыбэ, быным хуэумыдзыхэ.**
♦**Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.**
♦**ЩІыхуфІ и Іэнэ хьэзырщ.**
♦**Уи анэ и Іэ илъым еплъи, уэ уи Іэ илъым едзакъэ.**
♦**Сабий щІэхъуэпсым гуузпс ед.**
♦**НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ.**
♦**Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.**

Фокіадэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Къэнжал. **6**. Нэбгъэф. **7**. Фэтэр. **8**. Дурэш. **10**. Дэхъу. **12**. ПащІэ. **14**. Пщае. **17**. Щыщ. **18**. ПщыукІ. **19**. Соку. **22**. ЛэпІанкІэ. **25**. Хьэж. **26**. Пщыпхъу. **28**. Пэу. **29**. Тхьэгъу. **31**. Ахъуэжьу. **32**. Макъ. **33**. Жэнэт. **36**. Думэн. **38**. Къапльэн. **39**. БгъэущІэс.

Къехыу: **1**. Инат. **2**. Джаур. **3**. Фэнд. **4**. Бгъэр. **7**. Фонащэ. **9**. Шэцыкуэ. **10**. Дэ. **11**. Хьуп. **13**. ЩІэп. **15**. ЩэкІ. **16**. ШынакъыкІ. **20**. Кхъулэ. **21**. Хьэм. **23**. ЩІхьэмыж. **24**. Мудрэн. **26**. Пшэ. **27**. Хьуэхъу. **30**. Гъум. **31**. Акъ. **34**. Напэ. **35**. Тхьэм. **36**. Дыгъужь. **37**. МыщІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, Нэщ1эныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Изэ.**

Газетым хэтыгъэ къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; узынщагъэр зэхъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтхэхьм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

(12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Щ1хьэщэмыщ1 Изэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.009 ● Заказ №1884